



Biwo leta nan Collier County

Communications & Customer Relations Division
3299 Tamiami Trail E., Suite 102
Naples, Florida 34112-5746

colliercountyfl.gov
twitter.com/CollierPIO
facebook.com/CollierGov
youtube.com/CollierGov

14 novanm 2022

POU DISTRIBISYON IMEDYA

Pwogram pou ede mèt kay siklòn Ian domaje kay yo peye dediktib yo gen pou yo peye a pral disponib pou tout mèt kay

Naples, Fla. --- Collier County pral kòmanse met aplikasyon disponib apati 18 novanm, pou ede moun ki kalifye epi ki rete nan Collier County peye dediktib asirans yo si kay kote yo rete a se kay prensipal yo epi kay la te sibi domaj pandan siklòn Ian nan. Komin nan resevwa \$334,700, pou distribye nan kominote a, nan men State Housing Initiative Partnership (SHIP) nan Pogram pou ede moun nan ka dezaz. Fò moun ranpli aplikasyon yo sou sit sa a CollierCountyHousing.com. Sèvis anliy lan ap disponib apati vandredi 18 novanm a 12 p.m. rive samdi 26 novanm a 5:00 p.m.

Kay prensipal moun k ap aplike a dwe nan Collier County epi fò salè moun nan pa depase 120% salè mwayèn moun ki rete nan zòn nan sa yo rele ann angle (AMI). Tcheke tablo ki anba a. Sa kay moun vo, dapre biwo ki fè estimasyon kay nan Collier County, pa kab depase \$458,634.60. Maksimòm lajan y ap bay nan yon kay se \$20,000. Moun ki gen dezyèm kay oubyen kay nan lwaye, kay sa yo pa ranpli kritè pou pwogram nan.

Limit salè maksimòm dapre gwosè kay la

Gwosè kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Salè 120%	\$79,320.00	\$90,600.00	\$101,880.00	\$113,160.00	\$122,280.00	\$131,280.00	\$140,400.00	\$149,400.00

Si yon moun ki vle aplike pa gen entènèt, oubyen entènèt li genyen an pa fyab, li dwe ale nan nenpòt bibliyotèk piblik nan Collier County pou l sèvi ak òdinatè, ak eskanè oswa enprimant, epi ak machin a kopye ki disponib pou piblik la sèvi.

Si w bezwen plis ransèyman telefone Biwo sèvis kominotè ak sèvis popilasyon nan Collier County nan 239-252-CARE (2273) oswa telefone 311. Medya ki bezwen enfòmasyon, telefone Maria Pizzaro Kòdonatè Enfòmasyon pou Piblik la nan 239-252-8113.

